



## Deklarasyon Enpak Ekite: Amanman Boston Green Academy Charter School

**Tit:** Amanman Boston Green Academy Charter School

**Dat:** 21 Jen 2022

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la](#)  Wi  Non

Si repons lan se wi, antre dat (s) nan REPT reyinyon ak lyen pou ranpli REPT isit la: \_\_\_\_\_

Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Opòtinite te revize deklarasyon sa a?  Wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime / rezon
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon &amp; Enpak</b> <i>Ki rezilta ou vle nan pwopozisyon an/efò ki gen ladan l eliminasyon disparite yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflete idantite gwoup elèv BPS yo ak fanmi yo (gwoup kle yo enkli moun ki nwa, Latinx, Azyatik, endijèn, imigran, ki pale plizyè lang, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal)?</i></p>	<p>Boston Green Academy (BGA) te resevwa yon nouvo lisans senkan an 2021, twazyèm lisans siksesif nou. Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè (DESE) mande pou yon nouvo Memorandòm dantant (MOU) ak yon Plan Responsablite pou chak nouvo peryòd lisans lan. Lidèchip lekòl BGA a ak Konsèy Administrasyon an ap travay avèk Lekòl Piblik Boston (BPS) pou plis pase sis mwa pou ekri nouvo MOU sa a, epi avèk DESE pou prèske yon ane pou devlope Plan Responsablite a. Tou de dokiman yo genyen ladan yo eleman reglemantè ki nesèsè. Apwobasyon Konsèy administrasyon BGA, Sendika anseyan yo nan Boston (BTU), Komite Eskolè Boston (BSC), ak DESE li obligatwa pou tou de dokiman yo konsidere kòm yon amanman nan charter. Pou tou de dokiman yo, BGA ak BTU te deja apwouve l, epi DESE te bay yon apwobasyon kondisyonèl.</p> <p>Objektif Pwotokòl Dantant BGA a se kodifye kondisyon operasyon yo kòm yon lekòl otonòm pou bay yon fòmasyon solid preparatwa nan inivèsite e nan karyè popilasyon etidyan divèsifye nou yo. Plan Responsablite a esplike mezi otodetèmine BGA vle pou evalye pi lwen pase MCAS ak kad responsablite DESE ki egziste deja.</p> <p>Modifikasyon amanman sa yo te dirije nan Konsèy Administrasyon BGA (7 manm sou 11 se moun ki gen koulè) ak ekip administratif BGA (6 sou 12 yo ki gen koulè), epi direktè lekòl la te kowòdone l. Konsèy la gen ladan tou paran ki se ansyen aprena Angle (ELs), ak paran elèv ki gen andikap yo. Ekip administratif nou an gen ladann direktè edikasyon espesyal nou an (li menm yon ansyen EL), ak lòt moun ki gen eksperyans EL ak Edikasyon Espesyal.</p>
<p><b>2. Amonizasyon ak Plan Estratejik la</b> <i>Ki jan pwopozisyon/efò a koresponn ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>BGA se yon lekòl ki fè siksè e yo chwazi anpil pou klas 6yèm-12yèm ane. Yo koresponn sou priyorite plan estrateji distri a konsènan refòm lekòl segondè a, konfigirasyon klas 7yèm-12yèm ane, ansèyman pwofeyonèl e teknik, ak preparasyon pou kolèj.</p>
<p><b>3. Analiz done yo</b> <i>Ki done yo te analize? Èske li te divize rasyalman oswa lòt gwoup kle? Ki sa li te montre konsènan disparite?</i></p>	<p>BGA enskri yon popilasyon elèv ki trè divès ki reprezante distri a an jeneral (93% elèv koulè, 34% elèv ki gen andikap, 17% EL, 79% revni ki ba, ak 88% nesèsite elve jan DESE defini e rapòte l). Rezilta elèv yo amelyore pandan plizyè ane. Enskripsyon an ap fèt nan tiraj, epi yo gen aksè ekitab atravè vil la.</p> <p>Ekip administratif nou an, Ekip Sipò Elèv yo, Ekip Lidèchip Enstriksyonèl,</p>

	<p>Ekip nivo klas yo ak ekip kontni yo revize done BGA ki divize rasyalman sou gwoup yo regilyèman. Dènye demann renouvèlman lisans BGA a ki te apwouve nan BSC nan ane 2020, gen anpil egzanp nan done ki gide travay amelyorasyon nou an, epi ki reflekte nan MOU ak Plan Responsablite a. Plizyè popilasyon istorikman majinalize yo fè siksè nan BGA, ki gen ladan Afro Ameriken ak elèv ki gen andikap, tankou Latinx ak EL yo gen plis difikilte.</p>
<p>4. <b>Angajman Patnè konsène yo</b>  <i>Ki moun ki te angaje (kantite, gwoup kle, ak wòl) kòman, e kijan sa te bay? Ki sa etidyan/fanmi ki pi afekte nan pwopozisyon/efò sa a te di?</i></p>	<p>Nan kad planifikasyon estratejik nou an yo te fè yon sondaj ak yon konsiltasyon nan gwoup konvèsasyon elèv yo (10 patisipan yo, 90% Koulè) ak fanmi yo (20 patisipan yo, 90% Koulè). Tout moun ki konsène yo sipòte amannman BGA kòm yon lekòl endepandan “nan distri” BPS.</p>
<p>5. <b>Estrateji Ekite Rasyal</b>  <i>Ki jan pwopozisyon/efò sa a diminye disparite epi ogmante ekite rasyal ak lòt ekite? Ki konsekans posib envolonètè yo? Ki estrateji konplemantè ki pral avanse plis ekite a?</i></p>	<p>BGA se yon lekòl segondè otonòm, epi li sèvi yon popilasyon divès kalite ki gen anpil bezwen ak yon apwòch ekite solid. BGA ofri yon opsyon solid, trè chwazi pou elèv yo ak fanmi yo, amelyore aksè a nan yon bon kalite edikasyon nan Boston. Menm jan ak tout lekòl BPS li enpòtan pou BGA kontinye kontwole rezilta elèv yo, epi adrese nenpòt diferans ak inovasyon ak devouman.</p> <p>BGA rete angaje nan inisyativ enpòtan nou an, ekite ak divèsite enklizyon nou yo e li kontinye investi nan domèn sa a. Dapre done ki sot pase yo ki te reflekte diferans pou Latinx nou yo ak ELs nou yo, nou te konsantre dènye estrateji ekite rasyal nou yo sou ogmantasyon resous pou yon popilasyon diferan men sipèpoze nan lekòl nou an. Efò sa yo enkli anboche yon travayè sosyal bileng Latina ak yon pwofesè ESL adisyonèl (kounye a kat an total) kreye yon pwogram leson patikilye EL, ogmante pwogram kiltirèl ki konsantre sou elèv Latinx, lanse yon gwoup afinite ouvè pou tout anplwaye Latinx yo (kòm yon pati nan yon pi gran inisyativ gwoup afinite), epi etabli yon ekip pèmanan pou kontwole pwogrè elèv EL ak Latinx nou yo. Efò sa yo pral kontinye ane pwochèn e pi lwen.</p>
<p>6. <b>Bidjè &amp; Aplikasyon</b>  <i>Ki sa ki se bidjè a enpak yo? Ki jan aplikasyon pral asire tout objektif, patikilyèman objektif ki gen rapò ak ekite, yo reyalize? Ki idantite gwoup yo nan ekip aplikasyon an, epi yo pral pote yon apwòch sou ekite?</i></p>	<p>Apwobasyon MOU ak Plan Responsablite a pa pral ajoute okenn depans. BGA gen yon politik admisyon ekite epi li enskri yon popilasyon reprezantan elèv Boston yo. Komisyon Konsèy ak ekip administratif BGA yo reflekte popilasyon etidyan nou an, epi li bay tout desizyon yo sou yon apwòch ekite rasyal.</p>
<p>7. <b>Responsabilite &amp; Kominikasyon</b>  <i>Ki jan enpak yo pral evalye, dokimante e kominike bay pati konsène yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Si Komite Lekòl la apwouve MOU ak Plan Responsablite BGA yo pral soumèt yo bay DESE pou apwobasyon final la.</p> <p>Komisyon Konsèy BGA ak ekip administratif la pral responsab pou kontinye evalye rezilta elèv yo epi kominike pwogrè nan kominote lekòl nou an ak distri a.</p>